# Сценарий мероприятия,

# посвященного ко дню рождения

# Пророка Мухаммада

# (да благословит Его Аллах и приветствует)

# МБДОУ «Детский сад №3 с.Ахмат-Юрт»

# с.Ахмат-Юрт 2024 г.




**Подготовила старший воспитатель : Эсуева А.Х.**

**Бисмиллах1иррохьманиррохьим!**

Альхьамдулиллах1! Аллах1ана букха хастам шен хазчу, бакъ долчу Ислам динехь вай нис дарна, Ша цхьаъ вар даларна, цу силахьчу Мухьаммадан (сололлах1у 1алайх1и васаллам) умматах Цо вай кхолларна. Альхьамдулиллах1! Ма къинхетам бинакх Цо вайх. Делера салам маршалла хулийла шуна, лераме хьеши, сан белха накъости, сан хьоме хаза бераш!

Таханалера х1ара вай цхьана кхетар лерина ду сийлахь Мухьаммад (сололлах1у 1алайх1и васаллам) дуьненчу ваьлчу денна. Дала шен доьхьа дойла х1ара вай хаза цхьана кхетар! **571(пхи б1е кхузткъе цхьайттолг1ачу)** шарахь Рабиуль-авваль бетта 12-буса Х1ашими ц1инахь цу сийлахь Маккахь дуьненчу велир сий долу Мухьаммад (сололлах1у 1алайх1и васаллам).

Мухьаммад (сололлах1у 1алайх1и васаллам) лекхи а, сийлахь а волчу Аллах1 Дала вазвинакх. Дела везна а, Далла везна а пайхмар варкх иза. Лекха а, сийлахь а волчу Аллах1а х1окха 1аламе ваитнакх иза х1окха 1аламах къинхетам беш.

Таханлера х1ара вай цхьана кхетар х1окха хьалакхуьуш долчу кегий ч1оран и вай сий долу Мухьаммад (сололлах1у 1алайх1и васаллам) вовзитар,

и везар цера дегнаш чу диллар дукха вай ният Дала мукълахь.

Х1инца вай хьовсар дукха х1окхарн вайн кечдинчу совг1ате
Берш, Аллах1ана ц1арца д1а бола бо вай болх.
**Бисмиллах1иррохьманиррохьим!**

**1.Хьо мила ю? Амира**

**2.Хьан Да,Нана Мила ду? Адамех дуьххьар кхоьллинаг мила ву?**

**Адами аьрру п1ендарах кхоььлинарг мила ю (Хава ю)**

**Уьшиъ моссо а , адамий мила ду?**

**3.Берш, алийша, вай Дела мила ву?** Вай Дела Аллах1 ву!

**4.Аллах1 мила ву?** Дерриг 1аламаш кхоьллина, уьш кхобуш, кхиош, низамехь латтош верг, шех **тера цхьа х1ума**

**доцш верг вукха Аллах1!**

**И Дела вовзаре боьда некъ муьлханиг бу?(къур1ан,суннат, хьекъал)**

**5. Дала халкъ хуьнда кхоьллина?**

**Дала халкъ кхоьллина , Цу халкъан ша вовзийта шена 1ибатат дайта**

**6.Вай дин х1ун Дин ду? (ислам ду)**

**7.Исламан маца бог1ам бу? (кхоъ бу)**

**ИСЛАМ,ИЙМАН,ИХЬСАН**

**8.Вайн пайхамар мила ву?** Мухьаммад-пайхамар (Делера салам маршалла хуьлийла цунна) ву.

**9.Мухьаммад- пайхамар (Делера салам маршалла хуьлийла цунна) мила ву?**
Халкъашлахь уггаре дика а, веза а стаг ву иза. Дала вайна бусалба дин дохьуш, и хьеха ваийтина, Делан Элча (Делера салам маршалла хуьлийла цунна) ву иза.

**10.Мухьаммад пайхамар (Делера салам маршалла хуьлийла цунна) маца вина?**
Роби1уль - авваль бетта 12-г1а чу буса вина.

**11.Мичахь вина, мичахь д1а воьллина Мухьаммад пайхамар (Делера салам маршалла хуьлийла цунна)?**
Маккахь вина, Мединатехь д1авоьллина.

**12.Мухьаммад пайхамар (Делера салам маршалла хуьлийла цунна) ден, ненан ц1ераш х1ун ю?** Ден ц1е 1абдуллах1, ненан ц1е Аминат ю.

**13.Мухьаммад пайхамар (Делера салам маршалла хуьлийла цунна) кхаьбна нана мила ю?**
Хьалимат ю.

**14.Цуьнан маса доьзалхо хилла, церан ц1ераш муха хилла?**
Цуьнан 7 доьзалхо хилла, 3 к1ант, 4 йо1. К1ентий: Къасим, 1абдуллах1, Ибрах1им; йо1арий: Рукъет, Зайнаб, Пет1имат, Ум- кулсум.

**11.Мухьаммад пайхамарал (Делера салам маршалла хуьлийла цунна)**

**т1аьхьа цхьа пайхамар ваитиний Аллах1а?**
Ца ваийтна. Иза т1яххьар веан Пайхмар ву.

**Х1инца вай ладог1а таро хира ю бераша йуйцу байташка.**

**Стихи.**

**ДЕЛАН ИСБ!АХЬА Ц!ЕРАШ София ИДРИСОВА**

**Суратул «фатихьа» Марьям Бабочки**

**Сура «Ихьлас» Яьсмина Ромашка Къулху**

**Нашид: «ТХАН ЭЛЧА»**

Вай Дала вазвира хьо, сий долу Элчи Вай
Дала кечвира хьо, сий долу Элчи Хьо бахьнехь
къинхетам сов баьккхира Дала Хьо бахьнехь вай
Дели сов хьежна тхоьги.

Припев: Делера салават
хуьлийла хьуна Хьоьгара шафа1ат хуьлийла
тхуна Декъалда веана сий долу тхан Элчи.

Кхайкхина вай Дала хазрате вигира хьо Хазратехь
кечвина вай Дала вазвира хьо «Х1ай суна дукха
везна, Хьабиби Мухьаммад» Бохуш ша вай Дала
хазратехь хьистира хьо.

Припев…

Хьан суннат лардаргахь тхо г1ийла ду хьуна Хьуна
т1аьхьа дазаргахь тхо г1ийла ду хьуна Т1аьхьа даза
ницкъ бацахь хьо везаш ду хьуна Хьуна хьалхара
махина тхан синош ду хьуна.

Припев…

Хьо дукха везначо салават дуьллар ду И хьуна
дилларца вай Дели омра ду Салават диллинарг ма
хаза хьостур ву Ахьа хьоьстуш ва вериг даима
воьлур ву.

Припев…

Къемата доккха де хоьттина даьлча
умматаш гулдина даьлча
доьхуш хьо гуча ваьлча
сий долу Элча.

Деригге
Хьай уммат ва
Тхо хьоьга кхойкхур ду,

Припев…

Беригге Пайхамарш боьлхучу дийнахь
дицделла хьийзачу дийнахь
Деле бохур ду
дохур ду.

Умматаш
Уммати, уммати, ахьа
Хьо бахьнехь тхо Дала к1елхьара

Припев…

Синошкахь къаьстинарг тхан синош хиларна
умматехь дуьненчу довларна
хьан уммат ду хьуна
Мухьаммад.

Т1аьххьарчу
Хьо гаре сатуьйсуш
Шафа1ат ахьа делахь, Хьабиби

Припев… (3 р.)

Х1инца вайн доцца до1 доьшар ду

**До1а: БИСМИЛЛЯХ1ИРРОХЬМАНИРРОХЬИЙМ!**
**Аллох1ума солли 1ала Мухьаммадивва1ала али Мухьаммад.**

**Я Аллах1! Везан Дела!**
**Хьа возалли дуьхьа доьха хьоьга,**
**Хьа сийлаллий дуьхьа доьху хьоьга,**
**Тха вовшах кхетар Хьай доьхь де Ахь, Вовше дезар, дашар ло Ахь**
**Тхан фарзаш къобал де Ахь, тхан суннатш къобал де Ахь,**
**Мухьаммад умматан гечде Ахь, тхо Мухьаммад умматах де Ахь!**
**Мухьаммад пайхмаран(Делера салам-маршал хийл цун) салаватш дахкар т1ехь сов дах Ахь тхо!**

**Х1ай везан Дела, тха дайшан, наношан гечде Ахь,**
**Йижаршан, вежаршан гечде Ахь,Хьай къинхетам бе Ахь,**
**Тхан дуьне, эхарт декъал де Ахь,**
**Тхан далар иманца де Ахь, тхан г1овттар ялсаманехь де Ахь!**
**Тхан до1ийна жоп ло Ахь, Я, Робби, Я, Аллах1,**

Т1аьхьара вай цхьана кхетар дерзош...

МУ «ОДО Курчалоевского муниципального района»

**Муниципальное бюджетное дошкольное образовательное учреждение**
**«ДЕТСКИЙ САД №3 с.АХМАТ-ЮРТ »**
**(МБДОУ «Детский сад №3 с.Ахмат-Юрт»)**

МУ «Курчалойн муниципальни кIоштан ШХЬДУ»
**Муниципальни бюджетни школал хьалхара дешаран учреждени**
**«АХМАТ-ЮЬРТАН БЕРИЙН БЕШ №3 »**
**(МБШХЬДУ «Ахмат- Юьртан берийн беш №3»)**

**Информация**

**по проведение мероприятие,**

**посвященное ко дню рождения Пророка Мухаммада(с.а.с.),**

**в МБДОУ «Детский сад №3 с.Ахмат-Юрт».**

Согласно плану воспитательной работы, с целью обогащения духовного
мира , воспитания в детях доброты и богобоязненности,
в священный месяц Роббиуль- авваль 18.09.2024 г провели утренник в честь

Пророка Мухаммада (саллаллаху алейхи ва саллам).

Этот месяц имеет особое значение для мусульман, так как именно в это время родился великий Пророк, который стал примером для всех верующих.

Надеюсь, наше мероприятие прошло успешно и принесло радость всем участникам. Пусть Аллах укрепит нашу веру и дарует нам благословения всегда!

**Отчет подготовила старший воспитатель ______________А.Х.Эсуева**


РАБИУЛЬ – АВВАЛЬ